

BAB III

MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

3.1 Méthode jeung Téhnik Panalungtikan

3.1.1 Méthodé Panalungtikan

Méthodé mangrupa hiji dasar pikeun ngahontal tujuan dina prakna ngalaksanakeun panalungtikan.

Méthodé anu dipaké dina ieu panalungtikan téh méthodé deskriptif analisis, nya éta méthode anu bisa ngungkulan pasualan anu aktual ku cara ngumpulkeun data, nglasifikasikeun data, nganalisis data tur nafsirkeun data.

Dumasar wangenan méthodé di luhur, ieu panalungtikan téh baris ngadeskripsikeun jeung nganalisis dongéng anu aya di Kacamatan Nagrak Kabupatén Sukabumi pikeun bahan pangajaran ngaregepkeun di SMP.

3.1.2 Téhnik Panalungtikan

Sangkan panalungtikan ngahasilkeun data anu diperlukeun, kudu dilengkepan ku téhnik anu tangtu. Dumasar éta hal, téhnik-téhnik anu dipaké dina panalungtikan, nya éta téhnik ieu di handap:

1) observasi, nya éta niténan langsung kalawan objéktif hiji kajadian atawa prosés. Téhnik observasi ngalakukeun pangamatan jeung nyatet langsung sacara sistematis kana gejala atawa fénoména anu ditalungtik (Mukhtar, 2009:88). Dina panalungtikan observasi bisa ngagunakeun alat bantu saperti kamera, video, tape, atawa tape recorder;

- 2) wawancara, nya éta téhnik meunangkeun informasi langsung ngaliwatan sababaraha informan ti nu mimiti dianggap bisa méré katerangan atawa jawaban kana patalékan-patalékan anu ditanyakeun (Mukhtar, 2009:89). Téhnik ieu digunakeun pikeun meunangkeun informasi ngeunaan dongéng di Kacamatan Nagrak ti para narasumber; jeung
- 3) talaah pustaka, nya éta digunakeun pikeun néangan jeung nangtukeun dasar-dasar téoritis nu aya patalina jeung subjék panalungtikan anu keur ditalungtik.

3.2 Instrumén Panalungtikan

Instrumen panalungtikan nya éta alat atawa fasilitas anu digunakeun ku nu nalungtik dina enggoning ngumpulkeun data, sarta gampang tur hasilna ogé leuwih hadé, dina harti leuwih gancang, lengkep jeung sistematis sangkan data leuwih gampang diolah (Arikunto, 2002:126).

Nu jadi instrumen dina ieu panalungtikan nya éta pedoman wawancara. Runtuyan patalékan-patalékan ngeunaan dongéng, tabel daftar patalékan dina wawancara:

Gambar 3.1: Tabél Daptar Patalékan dina Wawancara

Ruang lingkup data	
Data Informan	Data dongéng
I	II
1.1 ngaran narasumber	2.1 papasingan dongéng
1.2 umur narasumber	2.2 teks dongéng
1.3 alamat narasumber	
1.4 pakasaban narasumber	

Tabél Isnendes (1998) kalayan pangropéa

3.3 Sumber Data

Sumber data dina ieu panalungtikan kabagi tilu, nya éta sumber data anu mangrupa tempat/wewengkon panalungtikan, sumber data manusa/informan, jeung sumber data anu mangrupa dongéng anu bakal dianalisis.

3.3.1 Wewengkon

Kacamatan Nagrak diwangun ku sapuluh désa, anu ngawengku Désa Babakan Panjang, Désa Balékambang, Désa Cihanjavar, Désa Cisarua, Désa Darmareja, Désa Girijaya, Désa Kalaparéa, Désa Nagrak Selatan, Désa Nagrak Utara, jeung Désa Pawenang. Anu dijadikeun sumber data téh nya éta opat désa ti sapuluh désa anu aya di Kacamatan Nagrak, nya éta: Désa Nagrak Selatan, Désa Kalaparéa, Désa Pawenang, jeung Désa Cihanjavar.

Di handap aya profil désa anu dijadikeun sumber data dina ieu panalungtikan.

3.3.1.1 Désa Nagrak Selatan

Jumlah penduduk Désa Nagrak Selatan aya 6.767 urang, legana 250.000Ha anu kabagi jadi opat wilayah dusun, nya éta Nagrak Kaum, Nagrak Tengah, Nagrak Wétan, jeung Cikukulu. Tur jumlah RT jeung RW-na aya 34 RT jeung dalapan RW.

Désa Nagrak Selatan diwatesanan ku Désa Nagrak Utara di belah kalér, Désa Balekambang di belah kidul, Désa Babakan Panjang di belah wétan, jeung Désa Cisarua di belah kulon.

3.3.1.2 Désa Kalaparéa

Jumlah penduduk Désa Kalaparéa aya 8.435 urang, legana 638.080Ha anu kabagi jadi opat dusun, nya éta Nyenang, Bojong Honjé, Pasir Muncang, jeung Kalaparéa. Tur jumlah RT jeung RW-na aya 49 RT jeung 11 RW.

Désa Kalaparéa diwatesanan ku Kehutanan Gédé Barat di belah kalér, Désa Balekambang di belah kidul, Désa Darmareja di belah wétan, jeung Désa Babakan Panjang di belah kulon.

3.3.1.3 Désa Pawenang

Jumlah penduduk Désa Pawenang aya 5.339 urang, legana 479.640Ha anu kabagi jadi tilu dusun, nya éta Pasir Huni, Panyindangan, jeung Cibodas. Tur jumlah RT jeung RW-na aya 44 RT jeung 11 RW.

Désa Pawenang diwatesanan ku Désa Cihanjavar di belah kalér, Désa Babakan Panjang di belah kidul, Kehutanan di belah wétan, jeung Desa Nagrak Utara di belah kulon.

3.3.1.4 Désa Cihanjavar

Jumlah Penduduk Désa Cihanjavar aya 5.106 urang, legana 934.900Ha anu kabagi jadi tilu dusun, nya éta Cihanjavar, Lemah Neundeut, jeung Panyusunan. Tur RT jeung RW-na aya 25 RT jeung genep RW.

Désa Cihanjavar diwatesanan ku Desa Ginanjar di belah kalér, Desa Pawenang di belah kidul, Kehutanan di belah wétan, jeung Desa Nagrak Utara di belah kulon.

3.3.2 Informan

Dina ieu panaluntikan anu jadi sumber data manusa/ informan, lobana aya genep urang, opat urang lalaki jeung dua urang awéwé. Total dongéng anu kainvéntarisir aya 39.









Habli Rohmat Hadid, 2013

Inventarisasi Dongeng di Kecamatan Nagrak Kab. Sukabumi Pikeun Bahan Pangajaran
Ngaregepkeun di SMP

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu



Habli Rohmat Hadid, 2013

Inventarisasi Dongeng di Kecamatan Nagrak Kab. Sukabumi Pikeun Bahan Pangajaran
Ngaregepkeun di SMP

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

Dina gambar tabél di luhur aya sababaraha wincikan anu ditalungtik ngeunaan data narasumber. Wincikan katerangan anu di maksud, nya éta nomer narasumber, ngaran, umur, pakasaban, alamat, lobana dongéng, judul dongéng jeung waktu mupu dongéng.

3.3.3 Dongéng

Dongéng jadi data dina ieu panalungtikan. Dongéng anu kainvéntarisir tina 30 poé di lapangan ti lima informan ti opat désa jumlahna aya 39 dongéng. Éta 39 dongéng téh jadi sumber analisis dina ieu panalungtikan. Tina éta 39 dongéng téh dipilih dongéng-dongéng anu refreséntatif pikeun bahan ajar anu bakal dianalisis strukturna.

3.4 Tatahar

Kegiatan tatahar nya éta:

1. nangtukeun judul panalungtikan;
2. ngulik pustaka;
3. nyusun rarancang panalungtikan;
4. konsultasi ka dosen pangaping; jeung
5. ngaréngsékeun surat ijin panalungtikan.

3.5 Ngumpulkeun Data

Kegiatan anu dilaksanakeun dina tahap ngumpulkeun data nya éta:

1. ngalaksanakeun obsérvasi;
2. ngayakeun wawancara jeung narasumber; jeung

3. ngumpulkeun atawa ngainvéntarisir data.

3.6 Ngolah Data

Kegiatan anu dilaksanakeun dina tahap ngolah data nya éta:

1. néangan deui data anu geus dikumpulkeun;
2. data anu geus kakumpul tuluy dianalisis; jeung
3. nyieun kacindekan tina data anu geus diolah.

3.7 Nyusun Laporan

Ieu minangka tahap pamungkas, saenggeus data diolah sarta dianalisis tuluy dijieun laporan mangrupa skripsi. Laporan panalungtikan, baris disusun dumasar kana bab jeung sub bab anu disusun ku cara sistematis.